



Ibikorwa vyihuta kandi vyanonosowe

IMPINDUKA KU BIKORWA KUBERA COVID-19

Ibikorwa vyihuta kandi vyanonosowe birabandanya gutangwa ku banywanyi muri iki gihe c'ikiza ca COVID-19 cadutse. Yamara, uburyo ivyo bikorwa bitangwa burashobora guhinduka bivanye n'impanuro "y'abajejwe amagara y'abantu.

Usabwe kwinjira mu migenderanire **n'uwwujejwe gutanga ivyo bikorwa** utarinze guca ku wundi muntu kugira ngo muhanahane iviyumviro kuri urwo rutonde rushasha bashizeho.

Iga ivyerekeranye na **COVID-19 hamwe n'ibimenyetso vyayo**.

Guca ku masonga

Urutonde rw'ugushikisha abaje nk'impunzi (HSP) rutanga imfashanyo yihuta kandi vyanonosowe (SIS) kubantu binjira baje gutabara hamwe n'abandi bantu bemerewe kwinjira bafise viza bafise ibibazo bisobanye mu gutorera umuti.

Ibikorwa vyihuta kandi vyanonosowe SIS bitangwa ku banywanyi imfashanyo y'ikiringo gito kugira ngo ibafashe gushikira ibikorwa bitangwa muri rusangi kandi kugira ngo bamene imyuga n'ubwenge bikenewe bashobore kwironkera uburyo bwo kwibeshaho batarindiriye gufashwa. SIS itangwa na HSP itanga imfashanyo mu izina ry'ishami ry'imbere mu Gihugu (Ishami).

Aho ushobora gusanga abatanga ibikorwa vya HSP hamwe n'inkuru zerekana ingene ushobora kubashikira urashobora kuzisanga ngaha.

Abemerewe

Abantu bafise imwe muri izi viza barashobora kwemererwa mu bikorwa binonosowe kandi vyihutirwa SIS:

- Impuzi (bo mu karwi ka 200, 201, 203 na 204)
- Abajenk'impunzi mu buryo budasanze (akarwi ka 202)
- Viza yo gukingirwa (umurwi 866)
- Viza yo gukingirwa vy'imfatakibanza (umurwi 785), abaje nk'impunzi bagumyeho mu buryo bw'imfatakibanza (umurwi 449), abarajwe ishinga no kuza nk'impunzi vy'imfatakibanza (umurwi 786) na Safe Haven Enterprise (umurwi 790).

Abafise izo viza baremerewe ku bikorwa binonosowe kandi vyihuta SIS gushika ku myaka itanu inyuma yuko bamaze gushika muri Australia, canke inyuma y'imyaka itanu bamaze guhabwa ukwemererwa kuzohabwa iyo viza.

Ndetse mu bihe bidasanzwe, abafite izo viza barashobora kwemererwa na SIS hanze yiki gihe cyagenwe cyangwa abemerewe barashobora kugeza kubafite izindi nyigisho za viza. Abanyagihugu ba Australiya ntibemerewe SIS.

Abantu bemerewe n'ibikorwa binonosowe kandi vyihutirwa SIS bategerezwa kwerekana ko badashoboye kwibeshaho na gatoya kandi ko bategerezwa gushobozwa n'ibantu bisobanye muri ivyo harimwo:

- Ukugendana ubumuga
- Abafise ingorane zo mu magara zigoye gutorera umuti zimaze igihe kirekire,kandi ataco zakozweko
- Abafise ibibazo vyo mu mutwe
- Abatagira aho baba canke baguma bimuka
- Indyane muhira no mu muryango
- Umwitwarariko w'ukubaho neza kw'abana n'urwaruka
- Imigenderanire n'umubano w'imiryango vyasambutse
- Gukumirwa mu kibano
- Ingore mu vy'amafaranga
- Ibibazo bijanye n'amategeko

Ninde ashobora kwohereza umuntu kuri SIS?

Ishirahamwe iryo ari ryo ryose canke umuntu ku giti ciwe arashobora kohereza umuntu kuri SIS. Ibi birimo kwiyitaho.

Umuntu yorungikwa gute mu bikorwa vyihuta kandi vyanonosowe SIS

Kugira ngo urungike umuntu mu bikorwa vyihuta kandi vyanonosowe SIS, usabwe kwuzuza ku buhinga ngurukanabumenyi [SIS Referral Form](#).

Nimba utazi neza nimba umuntu yemerewe SIS, canke nimba ukeneye ubufasha kugirango wuzuze iyi fomu, usabwa guhamagara umurongo wa anketi wa SIS uhamagara 1300 855 669 mughe camasaha yakazi AEST (guhamagara kubuntu muri Australia)

Nimba ufise ingorane z'ukugene wuzuza ivyo ku murongo wa internet, hariho abashobora kubigufashamwo, hamagara

HSP System Helpdesk mu masaha y'akazi kuri 1800 020 283 canke urungikire ubutumwa kuri email hpsystem.helpdesk@dss.gov.au.

Nimba udashobora gushikira iyo form ku murongo wa internet ikurungika, urashobora kwuzuza n'iminwe [ibiri ku rukaratasi](#).

Haba iki umaze gushikiriza ivyo vyasabwe

Urwego rumaze kubona urupapuro rwujujwe, ruzasuzuma ivyangombwa vy'umuntu yoherejwe kandi rumenyeshe uwerekeje icyemezo. Niba umuntu ari/basanze yujuje ivyangombwa yujuje ibisabwa muri SIS, Ishami rikora HSP ritanga imfashanyo kugirango itange SIS ku muntu.

Uburebure bwigihe umukiriya yakiriye SIS bushingiye kuvyo umuntu akeneye, ariko muri rusangi bizagera kumezi atandatu.